

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan jeung sipatna, ieu panalungtikan téh ngagunakeun méthode déskriptif analisis. Méthode déskriptif analisis nya éta méthode anu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data. Ieu méthode téh digunakeun pikeun ngadéskrripsikeun jeung nganalisis data anu kapanggih dina data panalungtikan sarta pikeun néangan ragam basa anu aya dina éta data. Anu didéskrripsikeunana téh perkara ragam basa Sunda anu digunakeun dina prosés diajar ngajar di SMP Negeri 52 Bandung anu ngawengku interférénsi, campur kode, jeung alih kode.

3.2. Téhnik Panalungtikan

3.2.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Data anu dikumpulkeun ti lapangan dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik **obsérvasi non partisipan**. Téhnik ieu dilaksanakeun ku cara langsung datang ka kelas tempat lumangsungna prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung. Panalungtik babarengan diuk jeung murid di jero kelas ngimeutan kagiatan guru ngajar jeung kaayaan salila murid diajar.

Sagédéngkeung ngagunakeun téhnik obsérvasi non partisipan, panalungtik ogé ngagunakeun téhnik **rékaman** kalayan bantuan tape recorder sarta nyatet hal-hal anu dianggap perlu dina ieu panalungtikan. Kagiatan ieu téh dilakukeun kana

prosés diajar ngajar di kelas tujuh, kelas dalapan, jeung kelas salapan SMP Negeri 52 Bandung.

Panalungtik milih fakta anu saluyu jeung fokus panalungtikan sarta pantes pikeun dititénan. Tina data anu geus dikumpulkeun ngaliwatan hasil rékaman sarta catetan, éta fakta jeung informasi téh dijadikeun data dina ieu panalungtikan.

Jadi téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan ogé nya éta studi dokuméntasi, ku sabab bahan ulikan penalungtikan ieu mangrupa transkrip tina rékaman anu eusina sakabéh ragam basa anu digunakeun dina prosés diajar ngajar di SMP Negeri 52 Bandung.

3.2.2. Instrumén panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ku cara obsérvasi kana prosés diajar ngajar di kelas tujuh, kelas dalapan, jeung kelas salapan SMP Negeri 52 Bandung kalayan ngagunakeun alat rékaman nya éta tape recorder. Rékaman dilakukeun kalayan durasina saluyu jeung dua kali jam pelajaran atawa 2X40 menit. Maksud tina ngagunakeun alat rékaman ieu nya éta pikeun ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun data. Salian ti ngagunakeun alat rékaman, digunakeun ogé catetan pikeun nyatet hal-hal anu dianggap perlu.

Pikeun ngagampangkeun nganalisis ragam basa anu digunakeun dina prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung di SMP Negeri 52 Bandung digunakeun kartu data saperti di handap.

Conto format kartu data

(PDNBS 1/ G/ 144)

Data : Da ari badami mah minimal duaan.

Gejala ragam basa : campur kode

(pangaruh tina basa Indonésia)

3.2.3. Téhnik Ngolah Data

Data anu dianalisis nya éta basa Sunda anu digunakeun ku guru jeung murid dina prosés diajar ngajar di kelas tujuh, kelas dalapan, jeung kelas salapan SMP Negeri 52 Bandung anu puseur masalahna nya éta ngeunaan interférens, alih kode, jeung campur kode kana basa anu muncul salila lumangsungna prosés diajar ngajar.

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan téh dumasar kana téori pamarekan tata basa struktural. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngolah data panalungtikan nya éta:

- 1) nyatet sakabéh data hasil rékaman prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung;
- 2) ngatranskripsikeun prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung tina rékaman jeung catetan;
- 3) maca sakabéh data hasil rékaman prosés diajar ngajar basa Sunda di SMP Negeri 52 Bandung;

- 4) data dikumpulkeun jeung ditulis dina kartu data, data dipasing-pasing dumasar kana interférensi, campur kode, jeung alih kode;
- 5) data dipilah-pilah nya éta ngagolong-golongkeun korpus anu cirina sarua; sarta
- 6) hasil panalungtikan dicindekkeun.

3.3. Populasi jeung Sampel

3.3.1. Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan téh nya éta Basa Sunda anu digunakeun ku guru jeung murid SMP Negeri 52 Bandung dina prosés diajar ngajar Basa Sunda anu ngawengku genep kelas, nya éta kelas 7E, kelas 7F, kelas 8C, kelas 8E, kelas 9B, jeung kelas 9C.

Panalungtikan anu ngalibetkeun sakabéh populasi saperti anu disebutkeun dina populasi téh lain mangrupa garapan anu gampang sabab merlukeun biaya anu gedé sarta ngabutuhkeun waktu anu kaitung lila. Sudjana jeung Ibrahim (1984) nétélakeun yén hiji panalungtikan perlu dipertanggungjawabkeun sacara ilmiah. Ku kituna dituntut sampel anu réprésatip, dina hartian yén sampel anu dicokot téh ngawakilan atawa ngagambarkeun sakabéh populasi.

3.3.2. Sampel

Sampel anu ditetepkeun dina ieu panalungtikan téh nya éta basa anu digunakeun ku guru jeung murid kelas tujuh, kelas dalapan, jeung kelas salapan SMP Negeri 52 Bandung.

